

Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Nan pwochen chapit la, klas nou an pral etidye rapò ak pwopòsyon. Nou pral kòmanse ak yon ide pou nou melanje kantite tenti diferan pou nou ka etidye rapò. Lè nou itilize modèl sa a, sa fè ide rapò ak pwopòsyon an fasil pou wè ak pou konprann. Pa egzanp, Melanj A ap pi fonsè pase rapò tenti a parapò ak dlo a se 3:1, tandiske li sèlman 2:1 nan Melanj B.



Nou pral etidye kijan pou fè echèl rapò yo tou. Pa egzanp, pou fè yon pi gwo kantite Melanj A, kenbe rapò an menm jan an, men ogmante kantite bwat yo. Sa ka fèt si w multipliyè toude bò rapò ak menm nonm lan.

Pousantaj apeprè menm bagay ak rapò. Gen kèk moun ki ka di 4 sou 5 atlèt tandiske gen lòt moun ki ka di 80% nan atlèt yo pou yo dekri menm gwoup lan. Anpil fwa, nou pa enterese nan kantite reyèl la nan de (2) kantite, men nou enterese nan ki pousantaj nan sòm total la chak kantite sa yo reprezante. Pousantaj ede nou konpare bagay nan yon echèl komen. Èske w ka reflechi sou sitiyasyon kote ou te wè oubyen ou te itilize pousantaj ?

Nou pral itilize pwopòsyon pou jwenn kantite ki manke epi pou nou estime gwo kantite ki ta difisil oubyen enposib pou konte. Pa egzanp, nou ka estime kantite moun antou ki te afekte pandan sezon lagrip si nou konte kantite moun ki nan yon ti echantyon piti episi nou itilize pwopòsyon an pou nou estime total la.

Vokabilè Pandan kou yo, nou pral aprann de tèm nouvo sa yo ki nan vokabilè :

pwopòsyon

to inite

Kisa w ka fè lakay ?

Ankouraje elèv ou an montre sikonstans diferan kote li itilize rapò nan lavi li, tankou pou jwenn pri 5 bwèt fèblan pwa si 2 bwèt fèblan koute 70 santim ò. Lòt egzanp yo ka egzanp yon rapò ant granmoun ak elèv nan yon sòti edikatif oubyen yon etikèt ki montre bwason ou pito a gen 10% ji ladan.